



# Pinisyon

- ✎ Adelheid Marie Bwire
- ✎ Melany Pietersen
- 🗣️ ACE Haiti-University of Notre Dame USA
- 💬 Haitian
- 📊 Level 2





Yon jou manman'm rive ak anpil fwi.



Nou mande manman nou “Kilè nou ka maje yon ti fwi?”  
Manman’m reponn nou “Nou pral manje fwi sa yo pita, aswè an.



Frè'm ki rele Rahim renmen bouch li anpil. Li goute nan tout fwi yo enpi lo manje anpil nan yo.



Ti frè'm rele "Gade sa Rahim fè!". Mwen di "Rahim ou se yon vakabon, ou egoyis".



Manman'm pa te kontan ak Rahim.



Nou te fache ak Rahim tou. Men, Rahim pa janm regrèt anyen.



Ti frè'm mande manman'm « Ou pa pral pini Rahim? »



Manman'm avèti Rahim "Rahim, nan yon tibout tan ou pral regrèt sa ou fè ».



Rahim kòmanse santi'l malad.



“Vant mwen ap fè’m mal,” Rahim di tout ba.



Manman'm te konnen sa ta pral rive. Fwi yo pini ou Rahim!



Après sa a, Rahim vin mande nou padon. Li pwomèt nou “Mwen pap janm visye konsa ankò”. Nou tout kwè Rahim.



# Storybooks Haiti

[global-asp.github.io/storybooks-haiti](https://global-asp.github.io/storybooks-haiti)

## Pinisyon

Written by: Adelheid Marie Bwire

Illustrated by: Melany Pietersen

Translated by: ACE Haiti-University of Notre Dame USA

This story originates from the African Storybook ([africanstorybook.org](https://africanstorybook.org)) and is brought to you by [Storybooks Haiti](#) in an effort to provide children's stories in Haiti's many languages.



This work is licensed under a Creative Commons  
[Attribution 3.0 International License](https://creativecommons.org/licenses/by/3.0/).